

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kualitatif kalawan ngagunakeun pamarekan filologi. Nurutkeun Sukmadinata (2015, kc. 72) udagan panalungtikan déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fénoména-fénoména nu aya, bisa nu sifatna alami atawa rékaan.

Salian ti métode déskriptif kualitatif, ieu panalungtikan ogé ngagunakeun pamarekan filologi. Pamarekan filologi digunakeun pikeun nganalisis transliterasi dina naskah “Paririmbon Tatanén”. Salian ti transliterasi, dilakukeun ogé suntingan téks nu udaganna pikeun ngababarikeun pamaca maham kana eusi téks. Suntingan téks dina édisi téks dilaksanakeun pikeun ngabebener kasalahan hurup, kecap, atawa éjahan dina naskah. Salian ti éta, édisi téks miboga mangpaat pikeun pamaca sangkan babari dina ngahartikeun naskah “Paririmbon Tatanén”.

Dina ulikan filologi, métode panalungtikan naskah anu dilarapkeun nyaéta métode édisi naskah tunggal, édisi standar. Ku sabab, naskah nu ditalungtik ngan aya hiji-hijina sarta euweuh salinan anu séjénna. Métode édisi standar dilakukeun pikeun ngoméan kasalahan leutik tur kateuajegan, sedengkeun éjahanna disaluyukeun jeung tatabasa basa anu dipaké dina naskah. Kasalahan-kasalahan leutik contona nyaéta, kasalahan hurup, kecap, frasa, jeung kalimah, sarta nambahan titik, koma, jeung pungtuasi dina naskah “Paririmbon Tatanén”.


Sabada naskah “Paririmbon Tatanén” (disingget *PT*) didéskripsikeun, satuluyna éta naskah dianalisis ngaliwatan pamarekan filologi, anu udaganna pikeun maluruh téks dina wangun asalna. Salian ti transliterasi, dilakukeun ogé suntingan téks dina édisi téks, pikeun ngoméan kasalahan kecap atawa éjahan nu aya dina naskah “Paririmbon Tatanén”.

Léngkah-léngkah anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngawengku: transliterasi jeung suntingan téks *PT* nepi ka ngahasilkeun édisi téks anu bisa dibaca kalayan babari dipikapaham ku pamaca. Sabada disusun transliterasi sarta ngasilkeun édisi téksna, satuluyna téks naskah *PT* dipasing-pasing kana téks non mantra jeung téks mantra. Saenggeus dipasing-pasing dumasar kana téks non mantra jeung téks mantra, satuluyna téks non mantra nu mangrupa paririmbon

dianalisis dumasar strukturna. Sedengkeun téks mantra dianalisis dumasar genep golongan mantra nurutkeun Rusyana jeung analisis déskripsi téks jeung kontéks mantra Isnendes (2010).

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa prosés ngararancang jawaban ku panalungtik pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun sababaraha masalah dina panalungtikan nu baris dilaksanakeun (Arikunto, 2013, kc. 22-23). Ieu panalungtikan miboga desain pikeun gambaran panalungtik kana rarancang panalungtikan, ti mimiti prosés ngumpulkeun data nepi ka ngolah data. Gambaran léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun écés dina ieu bagan di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku: téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku dua cara, nyaéta métode studi pustaka jeung studi lapangan (Djamaris, 2002, kc. 10). Salian ti éta, dina ngumpulkeun data ogé dilakukeun sababaraha cara nu séjénna, nyaéta wawancara, jeung dokuméntasi. Studi pustaka maluruh katalogus naskah nu aya di sababaraha tempat, nya éta pabukon-pabukon daérah, musium, jeung paguron luhur nu neundeun naskah daérah satempat. Salian ti métode studi pustaka, aya ogé métode studi lapangan. Di masarakat masih aya anu nganggap yén kana hiji naskah atawa sababaraha naskah mangrupa banda pusaka anu kudu disakralkeun. Henteu ngan kitu baé, aya ogé anu masih ngalaksanakeun ritual, boh saméméh boh sabada naskah dibuka tuluy dibaca eusina.

Naskah anu ditalungtik ieu nyaéta naskah anu masih aya kénéh di masarakat. Ku lantaran kitu, satuluyna perlu dilaksanakeun métode wawancara, pikeun mikanyaho asal-muasal ieu naskah ti nu bogana. Sabada ngalakukeun téhnik wawancara, satuluyna dilakukukeun téhnik dokuméntasi sangkan babari dina neuleuman eusi naskah.

Sukmadinata (2015, kc. 26) nétélakeun yén dokuméntasi (*interview*) mangrupa salah sahiji téhnik ngumpulkeun data anu réa dipaké dina panalungtikan déskriptif kualitatif jeung déskriptif kuantitatif. Wawancara dilakukeun sacara langsung jeung nu boga naskahna pikeun kapentingan kaakuratan datana.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) maluruh raratan naskah “Paririmbon Tatanén”;
- 2) ngalaksanakeun transliterasi naskah “Paririmbon Tatanén”, kaasup di jerona ngalakukeun prosés suntingan téks, saluyu jeung métode édisi naskah tunggal, édisi standar;
- 3) ngasilkeun édisi téks nu babari dicangking eusina ku pamaca dina maham eusi téks;

- 4) nyirian unggal judul nu aya dina naskah “Paririmbón Tatanén” dumasar perbagian;
- 5) unggal bagian atawa judul nu geus ditangtukeun dibagi kana téks non mantra jeung téks mantra;
- 6) nyirian unsur struktur paririmbón;
- 7) nyirian unsur struktur mantra dumasar téori Rusyana;
- 8) nyirian unsur struktur mantra dumasar téori Isnendes (2010) dina naskah “Paririmbón Tatanén”.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Saenggeus data kakumpulkeun, satuluyna éta data diolah ngaliwatan téhnik analisis sacara langsung. Léngkah-léngkah dina ngolah data saperti ieu di handap:

- 1) ngadéskripsikeun naskah “Paririmbón Tatanén”;
- 2) nyusun transliterasi naskah;
- 3) mariksa kekecapan atawa kalimah dina transliterasi;
- 4) ngasilkeun édisi téks
- 5) mariksa data hasil analisis struktur paririmbón;
- 6) mariksa data hasil analisis mantra dumasar téori Rusyana jeung Isnendes (2010), tuluy ngodean kana unggal data;
- 7) nyalin data anu geus dibéré kode kana tabulasi data;
- 8) ngadéskripsikeun data paririmbón jeung mantra dina naskah “Paririmbón Tatanén”.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan miboga fungsi nyaéta pikeun ngarojong tur mantuan sangkan panalungtik bisa nyangking informasi anu dibutuhkeun. Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikan anu dilakukeunna jadi babari tur bisa nyangking data anu lengkep jeung sistematis nepi ka babari diolahna. Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta aya dua rupa, pedoman wawancara jeung kartu data. Pedoman wawancara dijieun pikeun maluruh raratan naskah “Paririmbón Tatanén”. Salian ti pikeun maluruh raratan naskah ti nu boga naskah, téhnik wawancara ogé dilakukukeun pikeun

maluruh raratan waktu dina naskah, raratan pancakaki nu boga naskah nepi ka ieu naskah dicekel ku nu boga naskah ti luluhurna, jeung pikeun ngababarikeun panalungtik dina maluruh naskah séjénna, salian ti naskah “Paririmbon Tatanén”. Salian ti éta, dipaké ogé kartu data pikeun nyirian analisis struktur paririmbon jeung struktur téks mantra nu aya dina naskah “Paririmbon Tatanén”. Saéstuna kartu data dipaké pikeun ngababarikeun panalungtik dina nyirian informasi-informasi anu tangtu, anu dicirian ku sababaraha kode.

3.3.1 Pedoman Wawancara

Dina ngalaksanakeun kagiatan wawancara, diperlukeun ayana pedoman wawancara sangkan babari dina maluruh informasi anu diperlukeun, saluyu jeung data anu diperlukeun ku panalungtik. Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

Raratan Naskah	
a. Judul Naskah	
1) Dina naskah	:
2) Ceuk nu boga naskah	:
b. Nu Ngarang Naskah	
1) Ngaran	:
2) Umur	:
3) Pakasaban	:
4) Padumukan	:
c. Nu Nyalin Naskah	
1) Ngaran	:
2) Umur	:
3) Pakasaban	:
4) Padumukan	:
d. Nu Boga Naskah	
1) Ngaran	:
2) Umur	:
3) Pakasaban	:
4) Padumukan	:
e. Asal-usul Naskah	:
f. Fungsi Naskah	
1) Baheula	:
2) Ayeuna	:

Gambar 3.1

Pedoman Wawancara

3.3.2 Kartu Data

Kartu data nu dipaké aya dua rupa, nyaéta kartu data paririmbón, jeung kartu data papasingan mantra nurutkeun téori Rusyana jeung analisis déskripsi téks jeung kontéks Isnendes (2010). Kartu data dijieun pikeun ngumpulkeun data judul, analisis struktur paririmbón, jeung mantra dina naskah “Paririmbón Tatanén”. Eusi kartu data ngeunaan déskripsi struktur pangwangun téks paririmbón jeung téks mantra, ngawengku sababaraha komponén, di antarana:

- 1) Data kalimah, nyaéta kecap, frasa, klausa, kalimah, atawa paragraf dina naskah Paririmbón Tatanén (PT).
- 2) Kode data téks paririmbón, bisa mangrupa angka, kalimah pondok atawa panjang nu fungsina pikeun mantuan panalungtik dina nganalisis data sangkan leuwih babari. Kode data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta “PT/1/TP/Judul/A, hartina Paririmbón Tatanén / judul ka- / Téks Paririmbón / judul dina téks paririmbón.
- 3) Kode data téks mantra, bisa mangrupa angka, kalimah pondok atawa panjang nu fungsina pikeun mantuan panalungtik dina nganalisis data sangkan leuwih babari. Kode data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta “PT/1/TM/A/1, hartina Paririmbón Tatanén / judul ka- / Téks Mantra / Papasingan mantra nurutkeun Téori Rusyana / Papasingan déskripsi téks nurutkeun téori Isnendes.
- 4) Kode papasingan wanda, kode TP: Téks Paririmbón; jeung TM: Téks Mantra.
- 5) Kode analisis struktur téks paririmbón, nyaéta judul jeung eusi, nu ngawengku: A: titimangsa; B: pakakas atawa barang; C: du’a; jeung D: katerangan.
- 6) Kode analisis struktur téks mantra, A: jangjawokan; B: asihan; C: ajian; D: singlar; E: rajah; jeung F: jampé.
- 7) Kode analisis déskripsi téks ngawengku 1: (L) Lelembut nu disambat; 2: (Lt) Latar; 3: (SL) Subyéék Lirik/nu nyarita; 4: (OL) Obyék Lirik/ nu diajak nyarita; 5: (EC) Eusi Caritaan; jeung 6: (UC) Udagan Caritaan.
- 8) Wanda, dumasar golongan téks paririmbón jeung téks mantra.
- 9) Déskripsi, nyaéta ngadéskripsikeun téks nu geus dicirian dumasar wandana dina naskah “Paririmbón Tatanén”.

Judul	: Punika wong arep tatanén
Kalimah	: Punika wong arep tatanén cék saking Syéh Yusuf, mangka / amimiti / mimiti ngawuluku , (nya) car , tebar , tandur , ngaseuk , lamun dina tahun Alip mangka / amimiti / mimiti / modu / kudu dina /jum'ah/ Juma'ah, sakarepna baé / nyangarepna / nyanghareupna mah, sarta / sidkah / sedekah liwet laukna hayam dicobék, / du'ané / du'ana arwah , hamana bodas , tambana jeruk mipis, / dipendem / dikubur ing pupuhunan sawah atawa huma.
Kode data	: PT/1/TP/Punika wong arep tatanén/A,B,C,D
Wanda	: Téks Paririmbón
Déskripsi	: ngajéntrékeun dina taun Alip nu kudu dilaksanakeun saacan mitembeyan ngawuluku, nyacar, tebar, tandur, jeung ngaseuk. Poéna jumaah, sedekahna liwet laukna hayam dicobék, tambana jeruk mipis, du'ana arwah

Gambar 3.2

Conto Kartu Data Téks Paririmbón

Judul	: Punika paranti ngukus ari rék nurunan atawa rék hajat atawa rék mitembeyan
Kalimah	: // ... kieu pokna // <i>Bismillahirrohmanirrohim Assalamu'alaikum // Bismillahirrohmanirrohim // Assalamu'alaikum // cur mancur cahaya terusing rasa // kawula ngahaturkeun sangu putih sapulukaneun // ka Kangjeng Gusti Yang Agung // anaking Utun Inji Ratmani Ratmaniyah // sim abdi Sang Sedyana Rasa Jati // Sika Kang Sang Sedyana // Rasa Malaikah // Sang Kamasalah Malaikah // Sang Sala Rupa // pang d(o)ngkapkeun seja kawula // ka Nyai Puhaci Sangiyang Sri // sanggeus sagarajakan dadi tunggal //</i>
Kode data	: PT/10/TM/A/1,3,4,5
Wanda	: Téks Paririmbón
Déskripsi	: L (Kangjeng Gusti Yang Agung, Utun Inji Ratmani Ratmaniyah, Nyai Puhaci Sangiyang Sri), SL (kawula, sim abdi), OL (Kangjeng Gusti Yang Agung, Utun Inji Ratmani Ratmaniyah, Nyai Puhaci Sangiyang Sri), EC (harepan jeung du'a)

Gambar 3.3

Conto Kartu Data Téks Mantra

Sabada nganalisis struktur paririmbón jeung mantra dina naskah “Paririmbón Tatanén”, satuluyna éta data dina kartu data dipindahkeun kana tabél data saperti format data tabél 3.1.

Tabél 3.1
Conto Tabél Data

No. Urut	Kalimah	Kode Kartu Data	Déskripsi
001	... <i>kawula ngahaturkeun sangu putih sapulukaneun // ka Kangjeng Gusti Yang Agung ...</i>	PT/10/TM/A/ 1,3,4,5	Lelembut nu disambat nyaéta dina katégori non-Islam, ngaranna “Kangjeng Gusti Yang Agung”


3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan atawa pola rarancang nyaéta alur, modél, jeung tujuan dina panalungtikan anu mangrupa hiji prosés dumasar kana pamarekan filologi kalawan métode déskriptif kualitatif.

Ieu panalungtikan mimitina nangtukeun rumusan masalah anu rék ditalungtik ku cara ngaidéntifikasi masalah nu dimimitian ku nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, jeung métode panalungtikan. Saenggeus nangtukeun sababaraha masalah, satuluyna kana prosés ngumpulkeun data. Téhnik nu dipaké dina ngumpulkeun data nyaéta téhnik studi pustaka anu maluruh raratan naskah di pabukon-pabukon jeung musium-musium, jeung téhnik wawancara ku cara néangan naskah anu aya di sabudeureun masarakat. Sabada data kakumpulkeun, data éta tuluy dianalisis ku ulikan filologi, nu ngawengku ngadéskripsikeun naskah, jeung ngatransliterasikeun naskah.

Saenggeus naskah ditransliterasikeun sarta dihasilkeun édisi téksna, satuluyna data dipasing-pasing dumasar téks non mantra jeung téks mantra. satuluyna téks non mantra nu mangrupa téks paririmbón dianalisis dumasar kana struktur pangwangunna, sedengkeun téks mantra dianalisis dumasar golongan mantra jeung analisis déskripsi téks jeung kontéks.

Saenggeus data hasil analisis jeung pedaran kapaluruh dina panalungtikan anu ngawengku transliterasi jeung ulikan strukturalna, satuluyna panalungtik nyieun kacindekan anu disaluyukeun jeung rumusan masalah, tujuan, jeung judul dina ieu panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, ieu panalungtikan baris digambarkeun dina ieu bagan 3.2.



Bagan 3.2
Prosedur atawa Alur Panalungtikan

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data nurutkeun *KBBI* [online] nyaéta:

- 1) *Keterangan yang benar dan nyata;*
- 2) *Keterangan atau bahan nyata yang dapat dijadikan dasar kajian (analisis atau kesimpulan);*
- 3) *Informasi dalam bentuk yang dapat diproses oleh komputer, seperti representasi digital dari teks, angka, gambar grafis atau suara.*

Sedengkeun sumber data nyaéta tempat ayana data anu rék dipaluruh. Arikunto (2014, kc. 172-173) nétélakeun yén anu dimaksud sumber data ngawengku tilu hal, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas (*paper*). Saupamana panalungtikan ngagunakeun téhnik wawancara minangka cara néangan datana, mangka sumber data éta disebutna *réspondén* atawa jalma anu diwawancara (jalma atawa *person*). Saupama panalungtikan ngagunakeun téhnik obsérvasi, anu mangrupa tempat jeung kaayaan gerak jeung cicing, kondisi lokasi, nuduhkeun hiji aktifitas, mangka sumber datana bisa disebut tempat (*place*). Saupamana data aya dina mangrupa rékaman, dokumén, atawa arsip nu aya dina kertas, mangrupa simbol-simbol jeung tanda-tanda mangrupa hurup, angka, gambar, jsb, mangka sumber datana nyaéta mangrupa kertas dokumén atawa arsip (*paper*).

Data anu rék dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta struktur eusi naskah anu ngawengku struktur eusi paririmbón, jeung struktur mantra anu ngawengku golongan mantra jeung analisis déskripsi téks jeung kontéks mantra. Sedengkeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah “Paririmbón Tatanén”.

Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta naskah “Paririmbón Tatanén”. Naskah “Paririmbón Tatanén” mangrupa naskah Sunda anu ditulis dina kertas Éropah (dingaranan *latterdam*, sabab aya ciri nu mangrupa *countermark*) ukuran 16,5 cm x 21 cm, kandelna 17 lambar (34 kaca). Tulisanna maké aksara Arab Pégon, sarta basa nu dipakéna nyaéta basa Sunda nu dicampur basa Jawa. Naskah *PT* eusina mangrupa paririmbón nu kudu dilaksanakeun dina sawindu (dalapan taun) saacan prak-prakan ngawuluku, nyacar, tebar, tandur, jeung ngaseuk. Salian ti hal-hal anu kudu dilaksanakeun dina waktu sawindu, ieu naskah *PT* ogé ngawengku mantra-mantra séjén anu aya patula-patalina jeung ngurus perkara tatanén, hususna paré jeung béas.